



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 40,000 DÒZ VAKSEN COVID-19 TE ADMINISTRE NAN TANP ADORASYON NEW YORK YO

Gen plis pase 22,500 premye dòz ak plis pase 18,000 dezyèm dòz ki te administre

Gouvènè a mande lidè relijye yo pou fè patenarya avèk eta a ak etabli sit adisyonèl; tanp adorasyon ki enterese yo ta dwe kontakte Eta New York [isit la](#)

Fonde sou efò Eta New York pou distribisyon ekitab vaksen an atravè eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase 40,000 dòz vaksen COVID-19 la te administre nan sit tanporè kominotè yo nan tanp adorasyon yo atravè Eta New York. Gen plis pase 22,500 premye dòz ak plis pase 18,000 dezyèm dòz ki te administre. 48 sit tanporè te etabli nan tanp adorasyon yo. Patenarya avèk tanp adorasyon yo fonde sou efò New York pou pote vaksen an bay kominote defavorize yo nan eta a.

Gouvènè a te mande lidè relijye yo tou pou fè patenarya avèk Eta New York pou etabli plis sit vaksinasyon tanporè. Tanp adorasyon ki enterese yo kapab kontakte eta a [isit la](#).

"Tanp adorasyon yo se patnè enpòtan nan efò New York pou pote vaksen COVID-19 la bay kominote defavorize yo nan eta a, epi sit tanporè kominotè yo ap fè bon pwogrè pou pèmèt piki yo ale nan bra yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap itilize yon seri metòd pou asire distribisyon ekitab vaksen an, men sa pa t ap posib san patenarya ak travay di patnè nou yo ki administre tanp adorasyon yo ak volonte yo pou asire kominote yo ke vaksen an san danje epi ap sove lavi. Ansanm, n ap konbat ezitasyon anvè vaksen an ak konstwi yon lavni ki pi sekirite ak an sante pou tout Nouyòkè yo."

Eta New York te kontinye ogmante kantite sit tanporè yo ki deplwaye atravè eta a. Nan dat 4 mas, Gouvènè Cuomo te anonse ke [12 sit vaksinasyon kominotè tanporè](#) ap vini anliy semèn sa a nan devlopman lojman piblik yo, legliz yo, sant kominotè yo, lekòl yo ak kazèn ponpye yo. Yo prevwa sit sa yo ap vaksinen plis pase 4,000 moun pandan tout semèn lan. Depi 15 janvyè, 120 sit kominotè tanporè te administre plis pase 50,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la. Menm jan ak sitiyasyon sit tanporè anvan yo, yo pral re-etabli sit sa yo nan twa semèn pou administre dezyèm dòz yo.

Etablisman anpil nan sit vaksinasyon sa yo te vini posib atravè patenarya yo avèk anpil founisè swen sante piblik ak prive. Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo.

Devlopman kontini sa a nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo fè avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)